

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dina unggal panguneman tangtuna aya sababaraha udagan nu rék ditepikeun ti panyatur ka pangregepna. Kaasup paguneman nu aya dina naskah drama tangtu palaku boga udagan séwang-séwangan nu rék ditepikeunna. Dina nepikeun éta udagan palaku bisa ngagunakeun gaya basa nu béda gumantung kontéks caritaanna. Nalika nepikeun hiji udagan dina caritaan teu salawasna maké gaya basa. Saperti nu kapanggih dina naskah drama “Kalangkang” karya Nazaruddin. Naskah drama nu kawangun ku 5 babak jeung 286 paguneman ieu kapanggih aya 97.5% paguneman nu kakandung unsur pragmatik jeung paguneman nu kakandung wanda gaya basana, sarta 26.2% paguneman nu dijerona kakandung unsur pragmatik jeung gaya basa.

Disawang tina jihat pragmatis naskah drama *Kalangkang* nyoko kana implikatur, polah ucap jeung adegan konversasi. Implikatur dina naskah bisa henteu mutlak jeung mutlak, Implikatur anu kapanggih dina naskah drama nu maké implikatur henteu mutlak aya 12. Ari implikatur mutlak kapanggih aya 15. Polah ucap nyoko kana wanda polah ucapna. Dina éta wanda kapanggih lokusi 32, ilokusi 57 jeung perlokusi 176. Adegan konversasi nyoko kana prinsip gawé bareng jeung kasopanan. Dina ngalaksanakeun prinsip gawé bareng, dina naskah drama kapanggih maksim kwantitas aya 11, maksim kualitas 31, maksim rélévansi 15, maksim kawijaksanaan 20 jeung maksim pelaksanaan 13. Ari prinsip tatakrama aya maksim handap asor 2, maksim katumarima 35, maksim kasimpatian 43, maksim balabah 3 jeung maksim pangcocog 15.

Disawang tina wanda gaya basa, nyoko kana gaya basa kiasan (ngumpamakeun, lalandian, mijalma, ragunan, kahanan, silib) jeung rétoris (rautan jeung rarahulan). Kiasan dina naskah drama kadata ngumpamakeun 16, lalandian 2, mijalma 3, rahunan (hurunan 7), kahanan 1, jeung silib (ngomong dua 7, ngomong seukeut 2 jeung nyungkun 17). Rétoris dina naskah drama kadata rautan 35 jeung rarahulan 3.

Dumasar analisis, patalina ulikan pragmatik jeung ulikan stilistik dina naskah drama kana ulikan pragmatistik nyaéta, ulikan pragmatistik geus kapedar dina salasihiji ulikan unsur pragmatik, nyaéta ulikan adegan konversasi. Ulikan adegan konversasi ngulik ngeunaan kumaha carana nyarita sangkan udagan katepikeun tapi dina nyaritana teu sacara langsung. Ulikan pragmatistik oge kapedar dina ulikan stilistika, sabab dina maké gaya basa, tangtu panyatur geus nempo konteks, saha, waktu, tempat jeung udagann dina nyaritana. Ku kituna, ambahan dina ieu panalungtikan téh leuwih jero, sabab teu ngan saukur ngulik ngeunaan gaya basa dina nepikeun maksud jeung udagan omongan hungkul. Tapi medar hiji-hiji unsur dina unggal ulikanana.

5.2 Implikasi

Naskah drama minangka conto karya nu di jerona kakandung paguneman sarta ngabogaan ma'na jeung udagan nu ditepikeun ngaliwatan proses komunikasi. Dina komunikasi aya sababaraha faktor nu mangaruhan, di antarana caritaan nu ditepikeun, panyatur salaku nu méré pesen, pangregep atawa pihak nu narima pesen jeung cara nu dipaké dina nepikeun éta caritaan. Cara nepikeun omongan bisa ngaliwatan gaya nu béda-béda gumantung kontéks situasi omongan. Gaya nu dipaké dipagaruhan ku saha nu nyarita, saha nu diajak nyarita, dimana nyaritana sarta naon nu dicaritakeuna.

Ieu tulisan dipiharep bisa méré pamahaman ka nu maca atawa nu mindeng aub di dunya sastra jeung drama, yén dina unggal omongan tangtu boga ma'na jeung udaganna séwang-séwangan. Najan éta caritaan teu lengkep sacara gramatikal, lamun antara panyatur jeung pangregep geus sapamahaman kana kontéks caritaan, éta kalimah bisa disebut bener. Sabab dina éta caritaan, ma'na jeung udagan geus katepikeun. Dina nepikeun ma'na jeung udagan caritaan bisa diréka nalika maké gaya basa gumantung kapentinganna séwang-séwangan

Hasil panalungtikan dipiharep bisa dimangpaatkeun pikeun matéri panglengkep pangajaran basa Sunda di sakola menengah atawa di paguron luhur dina kaparigelan basa hususna pragmatik jeung stilistik atawa gaya basa, sarta mikapaham drama jeung nganalisisna.

5.3 Rékoméndasi

Paguneman dina naskah drama jeung ulikan pragmatik mangrupa dua hal nu silih pakaitan. Pragmatik mangrupa ulikan ngeunaan situasi omongan jeung paguneman sedengkeun naskah drama mangrupa kumpulan omongan nu ngawangun hiji kontéks caritaan. Dina ngawangun kontéks caritaan gaya basa nu dipaké bisa mangaruhan kana kontéks caritana nu rék ditepikeun. Ulikan pragmatik jeung gaya basa raket pisan patalina jeung pragmastilistik, tapi dina ulikan pragmastilistik leuwih kana ulikan fungsi polah ucap jeung adegan konversasi. Ku kituna, perlu diayaekeun deui panalungtikan ngeunaan pragmastilistik sangkan bisa ngabédakeun sacara jéntré bédana ulikan pragmastilistik jeung pragmatik sarta stilistik.

Panalungtikan ngeunaan pramatik jeung stilistik teu ngan saukur bisa dilarapkeun dina naskah drama, tapi loba kénéh karya sastra séjén atawa pasualan-pasualan nu aya disabudeureun urang anu bisa jadi objék pikeun dipaké panalungtikan.

Sanajan ieu panalungtikan teu dipatalikeun kana bahan pangajaran, tapi dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun rujukan pikeun pangajaran pragmatik jeung stilistik atawa drama, boh di tingkat siswa boh di tingkat mahasiswa.